



# DISTRI LEKOL PIBLIK WICOMICO YO

## DIVIZYON ENSTRIKSYON

### Depatman Kourikoulòm ak Devlopman Pwofesyonèl

Julie Dill  
Direktè Kourikoulòm ak  
Devlopman Pwofesyonèl

P.O. Box 1538, 2424 Northgate Drive, Salisbury, MD 21802-1538  
410.677.4587 (Office) 410.677.4406 (Faks)

#### YON MESAJ KI SOTI NAN OFIS EVALYASYON AK RESPONSABILITE

6 Mas, 2023

Lekòl Leta Distri Wicomico pral kòmanse rasanble enfòmasyon trè byento sou elèv 2yèm ane yo pou kapab ede nou mete elèv yo nan yon plasman ansèyman ki apwopriye nan klas 3yèm ane, epi pou elèv ki nan Aprantisaj Pèfòmans Nivo ki Wo ak ki gen Don ak Talan. (GT or TAD – *Panse ak Fè*) ka idantifye. Pandan semèn 13 Mas – 16 Mas la, tout elèv klas 2yèm ane nan Lekòl Leta Distri Wicomico yo pral evalye lè nou sèvi avèk Tès Kognitif Kapasite (CogAT). **Tès Kognitif Kapasite (CogAT)** se yon **tès** estandadize nasyonalmant, ki baze sou nòm yo. CogAT la mezire rezonman ak ladrès pou rezoud pwoblèm nan twa domèn kognitif ki diferan: vèbal, kantitatif, ak nonvèbal.

- Seksyon vèbal la mezire kapasite yon timoun pou li sonje ak transfòme sekans mo Anglè yo, pou li konprann yo, epi pou li fè dediksyon ak jijman sou yo.
- Seksyon kantitatif la mezire konpreyansyon yon timoun sou konsèp debaz kantitatif ak relasyon yo.
- Seksyon ki pa vèbal la mezire rezonman lè li sèvi avèk imaj ak fòm jewometrik. Seksyon sa a diminye enpak langaj sou nòt elèv la.
- Nòt konpoze an se nòt total pou tout twa batri tès yo.

Chak sou-tès pran apeprè 30-45 minit pou konplete. Chak sou-tès bay enfòmasyon ki ka itilize pou idantifye fòs ak bezwen ansèyman yon elèv. Yo pral itilize rezilta yo prensipalman pou ede elèv yo, pwofesè yo, ak paran/responsab yo konprann bezwen edikasyonèl elèv yo, pou ede amelyore aprantisaj elèv yo, epi planifye pou ansèyman alavni. Pandan kèk mwa kap vini yo, nou ap kontinye rasanble enfòmasyon sou chak elèv ki soti nan plizyè sous. Nou pral pataje evalyasyon lokal sa yo nan nivo lekòl la apre chak koleksyon done.

Si ou gen nenpòt lòt kesyon konsènan administrasyon evalyasyon sa a, tanpri kontakte direktè lekòl ou a oswa Ofis Evalyasyon ak Responsablite a. (410-677-4477).

Sensèman,

*Karen Hitch*

Karen Hitch  
Sipèvizè Evalyasyon ak Responsablite  
khitch@wcboe.org